



Pou Piblikasyon Imedya: 26/04/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**BAZE SOU ANGAJMAN POU MWA LOJMAN EKITAB LA, GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE
PIBLIKASYON RAPÒ FINAL LOJMAN EKITAB ENPÒTAN NAN NEW YORK AK YON
APÈSI KATOGRAFI**

***Rapò a dekri objektif ak aksyon pou adrese modèl lavi an segregasyon k ap
pèsiste ak aksè ki pa egal nan resous kominotè yo***

Li pwoklamasyon an [isit la](#)

An konjonksyon avèk Mwa Nasyonal Lojman Ekitab, Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a dènye inisyativ [Lojman Ekitab Enpòtan nan New York \(Fair Housing Matters NY\)](#), yon evalyasyon konplè sou lojman ekitab nan Eta New York ak yon [nouvo zouti katografi sou entènèt](#) ki montre kijan pwoblèm lojman ekitab ap afekte Nouyòkè atravè eta a. Rapò a, ki te pibliye dabò pou kòmantè piblik ane pase a, te revize sèt pwoblèm kle lojman ekitab epi li te etabli yon seri objektif ak aksyon pou adrese disparite lojman gwoup vilnerab yo ak moun ki pwoteje anba lwa lojman ekitab yo fè fas. Gouvènè a te pibliye tou yon [pwoklamasyon](#) ki rekonèt mwa avril kòm Mwa Lojman Ekitab nan Eta New York.

"Chak mwa avril, li enpòtan pou nou sansibilize sou wòl enpòtan lwa lojman ekitab jwe nan pwomosyon egalite, ankouraje opòtinite ekonomik, ak abòde enjistis istorik nan New York ak atravè nasyon an," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Jodi a, malgre pwogrè ki te fèt depi pwomilgasyon Lwa sou Lojman Ekitab an 1968, nou kontinye konfwonte reyalyte inegalite nan sosyete nou an. Administrasyon mwen an ap adopte yon apwòch ki gen plizyè pati pou asire Nouyòkè yo ka viv kote yo vle, yo ka bati richès atravè posesyon kay epi yo ka jwenn aksè nan opòtinite ekonomik pou tèt yo ak fanmi yo."

Elabore pa Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR), rapò *Lojman Ekitab Enpòtan nan New York la* ak zouti apèsi ki akonpaye yo baze sou done kantitatif epi yo te finalize apre yon peryòd kòmantè piblik ki enkli opinyon lidè kominotè yo, òganizasyon san bi likratif, pwofesyonèl lojman ak rezidan yo.

Rapò a montre pandan New York ap vin deplizanpli divèsifye, li revele modèl lavi, aksè a resous kominotè, lojman abòdab, ak pwopriyetè kay rete divize dapre ras ak gwoup etnik. Segregasyon ba sèlman baze sou ras – granmoun ki pi aje yo, moun ki gen konpetans limite nan angle, ak moun ki gen andikap yo tou jwenn yo konsantre nan zòn povrete avèk aksè ak mwens resous kominotè.

Rapò a idantifye uit objektif ak yon pakèt mezi ki dwe pran ki reprezante fason New York kapab kreye plis aksè ak lojman atravè yon konbinezon chanjman regilatwa, finansye ak administratif ki akse sou mache a.

Plizyè nan mezi yo idantifye nan rapò a aktyèlman se Eta a k ap aplike yo. Sa gen ladann inisyativ tankou pwogram HCR [Making Moves](#), ki ede fanmi ki gen Koupon Chwa Lojman (Housing Choice Vouchers) Seksyon 8 yo deplase nan kay abòdab nan katye yo chwazi; epi [Credit is Due](#) pwogram posesyon kay, ki disponib atravè Ajans Ipotèk Eta New York la, k ap abòde disparite rasyal nan pwopriyetè kay lè li ogmante aksè a ipotèk pou moun k ap achte kay ki se minorite yo.

Li tout rapò epi gade kat yo [isit la](#).

RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) nan Eta New York, te deklare, "Rapò Lojman Ekitab Enpòtan nan New York la ak kat entèaktif yo enpòtan anpil pou konprann nan ki pwen pratik lojman separe te kenbe moun lwen opòtinite pou yo gen kay yo merite yo. Lè nou analize diferans ak jwenn opinyon ki gen anpil valè nan men kominote ak pati konsène yo, nou ka pi byen konprann obstak twòp Nouyòkè rankontre lè y ap achte oswa lwe yon kay nan kominote yo chwazi a. Nou ka aplike estrateji pou elimine obstak sa yo. Mwen fyè de ekip mwen an nan HCR pou devouman yo nan misyon nou an, epi mwen rekonesan anè Gouvènè Hochul pou lidèchip li pandan n ap travay pou prezève dwa a yon lojman ekitab nan New York."

Agenda Lojman Ekitab Gouvènè Hochul la.

Gouvènè Hochul rete angaje l pou l bay tout Nouyòkè lojman san danje, ekitab ak aksesib pou tout Nouyòkè yo. Gouvènè a te anonse yon ekspansyon 2.2 milyon dola [Pwogram Tès Lojman Ekitab New York](#) (Fair Housing Testing Program) la ki fèt pou elimine diskriminasyon nan tranzaksyon lokasyon ak vant kay yo. Eta New York ap fè patenarya ak sis òganizasyon san bi likratif atravè eta a pou deplwaye testè enfilte yo pou aji kòm potansyèl lokatè ak moun k ap chèche kay. Ekspansyon an ogmante kapasite eta a pou envestige pwo-aktivman diskriminasyon nan lojman yo sispèk ak ranfòse efò edikasyon ak sansibilizasyon yo sou dwa ak lojman ekitab epi egzijans pou pwopriyetè, lokatè, pwofesyonèl imobilye ak gouvènman lokal yo.

An desanm 2022, Gouvènè a te anonse yon [rapò](#) Depatman Sèvis Finansye (Department of Financial Services, DFS) ki te jwenn disparite rasyal kontinyèl nan pratik prè ipotèk nan Long Island, nan Rochester ak nan Syracuse. Rapò a te fè pati yon ankèt k ap kontinye nan tout eta a sou refi prè epi li te swiv yon lòt etid DFS ki te idantifye refi prè ak lòt fòm diskriminasyon lojman pa pretè ipotèk yo, patikilyèman pretè non depozitè yo, nan katye ki an majorite minorite yo nan Buffalo.

Gouvènè a te siyen tou yon lwa enpòtan pou ogmante pwoteksyon pou Nouyòkè yo kont diskriminasyon lojman.

Ane pase a, Gouvènè a te siyen lejislasyon pou pwolonje delè preskripsyon pou Nouyòkè yo depoze yon plent ak DHR, sa ki pèmèt reklamasyon diskriminasyon lojman ilegal pou ensidan ki te fèt nan dat 15 fevriye 2024 oswa apre yo dwe depoze nan twazan apre prezime diskriminasyon an. Gouvènè a te siyen tou yon pake ki gen nèf pwojè lwa pou lojman ekitab ki fèt pou konbat pratik lojman diskriminatwa ki pèsiste toupatou nan eta a, ki gen ladan lejislasyon pou ogmante penalite pou diskriminasyon lojman ilegal; kreye yon fon pou sipòte tès lojman ekitab; epi elaji fòmasyon obligatwa pou pwofesyonèl byen imobilye sou sijè tankou eritaj segregasyon, tretman inegal, ak mank aksè istorik ak opòtinite lojman.

Nouyòkè ki fè eksperyans diskriminasyon ilegal nan lojman ka [depoze yon plent bay DHR sou entènèt](#) oswa lè yo rele 1-888-392-3644.

Konbat Prejije ak Diskriminasyon nan Lojman

Nan kad bidjè adopte ane fiskal 2025 la, Gouvènè Hochul a te fè avanse lejislasyon an tou pou entèdi konpayi asirans yo poze kesyon oswa konsidere sous revni lokatè yo, egzistans inite lojman nan pri abòdab, oswa resepsyon asistans lojman gouvènmantal nan desizyon pou bay oswa kontinye bay asirans pou pwopriyete rezidansyèl yo. Nouvo lejislasyon sa a pral ede asire founisè lojman abòdab yo gen aksè a yon asirans a pri rezonab, ki an retou pral ede evite ogmantasyon pri lwaye lokatè yo.

Gouvènè a pral etabli tou yon nouvo inite ranfòsman ki dedye a rezolisyon rapid plent konsènan diskriminasyon lojman ki gen rapò ak Koupon Chwa Lojman Seksyon 8, k ap ede mete moun ki afekte yo ak fanmi yo nan lojman ki disponib kote yo te refize yo aksè ki pa admisib dapre koupon yo a.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)